

**KARANGAN DÉSKRIPSI SISWA KELAS V SDN RÉGOL 13 GARUT
PIKEUN MODÉL TÉKS BACAAN SISWA**

Sri Asdianwati

ABSTRAK

Cara nepikeun eusi pikiran, rasa, kahayang, jeung pamaksudan bisa sacara langsung ngaliwatan gunem catur bisa ogé sacara teu langsung ngaliwatan tulisan, contona dina wangun karangan atawa wacana. Wacana nu pangmindengna diajarkeun di sakola dina Kurikulum Tingkat Daerah Muatan Lokal Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda taun 2013 nyaéta wacana déskripsi. Ieu panalungtikan miboga tujuan hayang nalungtik ngeunaan karangan déskripsi siswa kelas V pikeun dipake modél téks bacaan. Méthode nu dipaké dina panalungtikan nyaéta méthode déskriptif. Data dianalisis sacara induktif. Kamampuh siswa SD dina nulis karangan déskripsi anu dianalisis tina komponén eusi, organisasi gagasan, adegan kalimah, pilihan kecap, éjahan jeung karapihan. Satuluyna, karangan déskripsi anu alus dipilih pikeun dipaké modél téks bahan ajar maca. Ari keur nguji cocog henteuna atawa alus henteuna bahan bacaan, dipaké tés kamampuh maca maké Formula Fry jeung tés cloze. Tina 10 karangan nu skorna pangluhurna diuji keterbacaanana maké Formula Fry. Hasina, 6 karangan nu posisi keterbacaanana di kelas 4-5, hartina bisa dipaké di kelas V. Karangan nu bisa dipaké di kelas V diuji deui keterbacaanana maké tés cloze. Hasilna 5 karangan anu bisa dipaké modél téks bacaan siswa di kelas 5.

Kecap galeuh: Karangan Déskripsi, Modél Téks Bacaan Siswa

**KARANGAN DESKRIPSI SISWA KELAS V SDN REGOL 13 GARUT
UNTUK MODEL TEKS BACAAN SISWA**

Sri Asdianwati

ABSTRAK

Cara menyampaikan isi pikiran, perasaan dan kehendak bisa secara langsung melalui percakapan atau secara tak langsung melalui tulisan, contohnya dalam bentuk karangan/wacana. Wacana yang paling sering diajarkan di sekolah dalam Kurikulum Tingkat Daerah Muatan Lokal Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda taun 2013 adalah wacana deskripsi. Penelitian ini bertujuan untuk meneliti karangan deskripsi siswa kelas V untuk dijadikan model teks bacaan. Metode yang digunakan dalam penelitian adalah metode deskriptif. Sedangkan data dianalisis secara induktif. Kemampuan siswa kelas V SD dalam menulis karangan deskripsi dianalisis dari komponen isi, organisasi gagasan, kosa kata, struktur kalimat, dan tulisan. Hasil karangan deskripsi siswa yang bagus akan dipilih untuk model teks bacaan siswa dalam pembelajaran membaca. Untuk menguji karangan tersebut digunakan tes keterbacaan yaitu Formula Fry dan tes cloze. Dari 10 karangan yang mendapat skor tertinggi diuji keterbacaannya memakai Formula Fry. Hasilnya 6 karangan dipakai menempati posisis keterbacaan di kelas 4-5, artinya bisa dipakai di kelas V. Lalu karangan tersebut diuji lagi keterbacaannya memakai tes cloze, dan 5 karangan bisa dipakai sebagai model teks bacaan siswa.

Kata kunci Karangan Deskripsi, Model Teks Bacaan Siswa

THE DESCRIPTION ESSAY OF THE FIFTH GRADE STUDENTS OF SDN REGOL 13 GARUT FOR STUDENTS'S READING TEXT MODEL

Sri Asdianwati

Abstract

How the way to communicate is directly through conversation or indirectly through writing, for example in the form of essay / discourse. Discourse is most often taught at schools in the Local Level Curriculum's Content of Sundanese and Literature Sunda in 2013 is a discourse description. This study aims to investigate the description essay fifth grade students can be used as students's reading text model . The method used in this research is descriptive method. While the data were analyzed inductively in this study discussed about the ability of elementary students in writing description, which analyzed from components of content, organization of ideas, vocabulary, sentence structure, and writing. A good result of the students's description will be selected for students reading text models in reading lesson. To test the essay used readability tests which called Fry Formula and test cloze. From the 10 essays which got highest score tested with Fry Formula. The result of essay used for the position of readability test is in the grades 4-5, it's means that it can be used in fifth grade. Then the essay is tested again readability used cloze tests, and 5 essay can be used as students's reading text model in fifth grade.

Keywords Description Essay, Students's Reading Text Model

PANGJAJAP

Puji sareng sukur teu weléh nganteng kasanggakeun ka Alloh Subhanawata ‘ala nu parantos maparin rahmat, berkah, hidayah, sareng inayah-Na, dugi ka ieu tésis nu judulna “Karangan Déskripsi Siswa Kelas V SDN Régol 13 Garut pikeun Modél Téks Bacaan Siswa” tiasa diréngsékeun.

Pangajaran di sakola dasar téh mangrupa hal anu kacida narik ati keur nu nulis. Unggal waktu teu weleh aya hal anyar nu kapanggih, boh nu aya patalina jeung pangajaran, boh nu aya patalina jeung siswa, kitu deui hasil pangajaranana. Ku sabab kitu, nu nulis dina raraga ngaréngsékeun sakola di Program Studi Pendidikan Bahasa dan Budaya Sunda Sekolah Pascasarjana UPI ngayakeun panalungtikan téh nu aya hubunganana jeung pangajaran di sakola dasar, hususna pangajaran basa Sunda.

Ieu tésis jauh pisan tina sampurna. Tangtu waé loba bagéan dina ieu tésis nu kurang. Sanajan kitu, muga-muga baé ieu tésis téh aya mangpaatna, sarta kasaéan sakabéh pihak nu aya patalina jeung panalungtikan pikeun nyusun ieu tésis kénging balesan ti Alloh Subhanawata‘ala. Amiin

Bandung, Juli 2016

Nu Nyusun

Sri Asdianwati

TAWIS NUHUN

Kalayan widi Allah sareng pangrojong ti sadayana ahirna ieu tésis tiasa réngsé. Jalaran kitu hatur séwu nuhun ti nu nyusun ka sadaya pihak tos ngarojong réngséna ieu tésis.

Hatur nuhun nu taya hinggana kasanggakeun diantawisna ka:

1. Prof. Dr. H. Yayat Sudaryat, M.Hum. salaku Ketua Program Studi Pendidikan Bahasa dan Budaya Sunda, Dosén Pembimbing Akademik sakaligus pangaping dina nyusun ieu tésis nu teu kendat maparin pangrojong, motivasi sareng bimbingan dina nyusun ieu tésis;
2. Dr. Hj. Nunuy Nurjanah M.Pd. salaku Dosén Pangaping;
3. Bapa miwah Ibu Dosén Program Studi Pendidikan Bahasa dan Budaya Sunda;
4. Rerancangan saentragan di Program Studi Pendidikan Bahasa dan Budaya Sunda;
5. Bapak Kepala SDN Régol 13 miwah guru-guru SDN Régol 13 nu tos nyayogikeun tempat sareng waktos kanggo ngayakeun panalungtikan;
6. Pun biang miwah pun bapa Ibu Aisyah Herwati sareng Bapa Endjon U. Hadi alm. nu teu kendat ngadoakeun;
7. Pun lanceuk Edi Sutrisno, M.Pd. nu tos luntur galih ngawidian tur rido sarta ngarojong sim kuring nyukcruk élmu di Sekolah Pascasarjana UPI . Jimat ati nu teu weleh ngagedurkeun sumanget bajoang Nisa Wening Asih Sutrisno jeung Titan Sugiana katut Habibie Mahendra Ilham, Lukman Wijaksana Sutrisno jeung Nena Resna Juwita, Maryam Weninggalih Sutrisno;
8. Sadaya pihak nu teu tiasa disebatkeun hiji-hiji.

Sakali deui hatur nuhun. Mugi kasaéan sadayana janten amal ibadah pikeun pibekeleun jaga. Amin

Bandung, Juli 2016

Nu Nyusun

Sri Asdianwati

